WIKIPÉDIA

Manungsa

Manungsa utawa **wong** bisa dimangertèni kanthi warna-warna, ya iku miturut biologis, rohani, lan istilah kabudayan. Miturut biologis, manungsa ingaran *Homo sapiens*, sawijining jinis primata saka golongan mamalia kang duwé utek lan kalantipan.

Ing babagan kajiwan, manungsa dijelentrèhaké nganggo konsèp jiwa kang duwé manéka warna, sajeroning agama, dimangertèni ing gayutané karo kakuwatan katuhanan utawa makluk urip; sajeroning mitos, manungsa uga kerep dibandhingaké antara ras siji lan liyané. Sajeroning èlmu antropologi kabudayan, manungsa dijelasaké dhedhasar basané, organisasi manungsa sajeroning masarakat majemuk sarta tuwuhing teknologi, lan mligi dhedhasar kamampuan yasa golongan lan lembaga kanggo panyengkuyung siji lan liyané sarta awèh lan nampa pitulung.

Panggolongan manungsa kang paling utama ya iku dhedhasar jinis kelamin. Lumrahe, jinis kelamin anak kang lagi lair iku lanang utawa wadon. Wong enom lanang dikenal minangka putra lan sawisé ngancik diwasa dadi priya. Bocah enom wadon diarani putri lan sawisé ngancik diwasa banjur diarani wanita.

Panggolongan liyané ya iku dhedhasar umur, wiwit saka janin, bayi, balita, bocah, nom-noman, akil balik, nom-noman/i, diwasa, lan (wong) tuwa.

Saliyané iku isih akèh panggolongan-panggolongan liyané, dhedhasar ciri-ciri fisik (warna kulit, rambut, mata; wangun irung; dhuwur awak), afiliasi sosio-pulitik-agama (penganut agama/kapercayan XYZ, warga nagara XYZ, anggota parté XYZ), gayutan kekerabatan (kulawarga: kulawarga cedhak, kulawarga adoh, kulawarga tiri, kulawarga angkat, kulawarga asuh; kanca; mungsuh) lan sapanunggalané.

Tokoh iku istilah kanggo wong kang misuwur (upamané 'tokoh pulitik', 'tokoh filem', 'tokoh kang nampa bebungah', lsp).

ꦩꦤꦸꦁꦱ
Manungsa

Gambar priya lan wanita, dijupuk saka dokumentasi wahana Pioneer 11.

Klasifikasi èlmiah

Karajan:	Animalia (Sato kéwan)
Filum:	Chordata
Kelas:	Mamalia
Ordo:	Primata
Famili:	Hominidae
Subfamili:	Hominidae
Genus:	*Homo*
Spesies:	***H. sapiens***

Jeneng jinis

Homo sapiens
Linnaeus | *1758*

Subspesies

Homo sapiens idaltu (cures)
Homo sapiens sapiens

Raga/Fisik

Wujud fisik manungsa béda-béda miturut faktor keturunan, lingkungan, budaya uga gizi panganan. Ukuran racaké (rata-rata) ya iku antara: dhuwur 160 cm nganti 180 cm, bobot 45 kg nganti 80 kilogram. Kelir kulit uga béda-béda miturut iklim habitate. Lumrahé variasi kelir antara ireng nganti putih rada abang. Fisik manungsa ketata saking rangka balung, daging nganti kulit ing pérangan jaba.

Mangga Pirsani

- Manungsa Purba


Janin kang umuré lagi limang minggu

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Manungsa&oldid=1433687"